ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№126 (21.784) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 8, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Путин Владимиррэ Къанокъуэ Арсенрэ зопсалъэ.
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

## ПУТИН Владимир: УнафэщI компаниехэр къевгъэблагъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен вэсэмахуэ Кисловодск къалэм щыIущIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир.**

КъБР-м и Iэтащхьэм премьерыр щыгъуазэ ящIащ республикэм щIэ зэ социально-экономикэ щытыкIэм. «Зэрыщыту къапщтэмэ, экономикэм зэрызиужь щIыкIэр тэмэму къэпльытэ хъунущ. Иужьрей ильэсиплIым кIэриубыдэу дэ республикэм и бюджетыр хуэди 2,8-кIэ нэхъыбэ тщIын тхуэзфIэкIащ», - жиIащ Къанокъуэ Арсен. Абы къигъэльэгъуащ унэльащIэхэр щагъэхьэзыр фабрикэ, щэкI щызэIуащэ Iэнатlэ, ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр къыщIэзыгъэкI предприятэхэр, иджырей теплицэхэр - псори зэхэту проектыщIэу 10 хьэзыр зэращIам и фIыщIэкIэ республикэм лэжьапIэншэу щыIа цIыху мин 29-р цIыху мин 17-м нэсу зэрагъэмэщIар. «Иджыпсту дэ цIыху мин 14-м нэс зыдэув хъун Iэнатlэхэр диIэщ», - жиIащ КъБР-м и Президентым. Абы къыхигъэщхьэкIащ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным текIуэдэну псоми я процент 70-м нэсымкIэ къэрал щэсыпIэхэр къызэрагъэпэщыну унафэ къызэращтар Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхьэрэм и адрей республикэхэми я экономикэм хуабжьу сэбэп зэрыхуэхьунур. «Куэдрэ кIохьу сэбэпныгъэшхуэ къызыпыкIыну проектхэр инвестицэхэмкIэ советым къыщIэтэ, ауэ ахэр зыгъэззэщIэну компаниехэм сакъыIэту ягъэтIылъын зэрамыIэм, езыхэри цIэрыIуэу зэрыщымытым къыхэкIыу банкхэм ахъшэ къратыркъым икIи апхуэдэ проектхэр ямыгъэззэщIэфу къонэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Путин Владимир щIэупщIащ энергетикамрэ туризмэмрэ я Iэнатlэхэм ехьэлIауэ КъБР-м щагъэзащIэ проектхэр зыхуэдэм. Къанокъуэ Арсен абы хуиIуэтащ «Урысей Илщэ» федеральнэ программэм хагъэхьауэ щыта Кисловодск - Iуащхьэмахуэ лъапэ гъэзгур гъэ къакIуэ зэраухыр: «Дэ километр 60 къызэдэзэкIащ, - гъэзгур хуабжьу фIыщ. Дыз зыхуэкIуэ гъэм ар Iуащхьэмахуэ бгым и ищхьэрэ-къуэкIыпIэ джабэм екIуэлIэнущ. Абы иджырей курорт хьэлэмэтхэр щыIэнущ. Сэ абы зыбжанэрэ сриклуащи, Кисловодск щегъэжьауэ дэльыр зы сыхьэт гъэзгуц», - щIигъужащ КъБР-м и Президентым.

Проектыр нэгъэсауэ гъэззэщIа хъун папщIэ гулъытэ хэха зыхуэщIыпIэхэхэм ящыщу Къанокъуэ Арсен кIигъэльэгъуащ Iуэхутхьэзащ Iэнатlэм и IэщlагъэлIэхэр зэхъэзырыныр: «Мы Iуэхум зэманэ текIуэдэнур зыхуэдизыр жыпIэну гугъущ. Сэ си фIэщу абы ильэсиплI льандэрэ солэжьри, къызэрызгуриуамкIэ, цIыхухэм я гупсысэкIэм зебгъэхъуэжыну нэхъ гугъущ, проектыр зэрыбгъэззэщIэн ахъшэ къэбгъуэтыным нэхъри. Дэ нэгуэщI къэралхэм щыIэ компаниехэм зэхуэдгъэзащ, Франджым зэпсэльныгъэ-кIыпIэхэмкIэ Газэ секторым яхуну контрабандистхэм загъэхъэзыр».

«БМВ», «Тойотэ», «Киа» автомобиль лIэужьыгъуэхэр щIы щIагъ гъэзгуэгIэ къэрал гъунапкъэм зэпрахуну арат.

Мащэ ихьэпIэр къэрал гъунапкъэм метри 150-кIэт зэрыпэжьыжьар, абдежым щаубыдащ контрабандистхэм ящыщ куэд, щIэпхъуэжьыну къызэхъулIахэри щыIэщ.

Израильм Палестинэм и гъунапкъэр зэрызэхуищIам гугъу иригъэхь хьэрыпхэм апхуэдэ Iэмал куэд къагупсысащ сом къалэжьыфын папщIэ.

Иджы а щытыкIэм зихьэужьыкIэ гугъапIэ щыIэщ: Израильм Палестинэр хуит ищIащ уней автомобиль псынщIэхэр я хэкум хабзэм тету яхуну. Сыт хуэдэ гъэгуми еэгъэ автомобиль псынщIэхэр абы хиубыдэркъым, - журтхэм къалытэ ар зауэ хуэIухуэщIэкIэ къыпхуэгъэсэбэпыну.

Iуащхьэмахуэ Арсен ирагъэкIуэкIащ, иджыпсту Кавказ Ищхьэрэм и Iуэхур зэтоувэж, абы и экономикэм зэфIэкIыщхуэ зэриIэр нэрылъагъэхуэу хуэсакъащ. ЗэфIэгъэкIыпхъэ къалэн гугъуэхэри щыIэщ. Абыхэм ящыщу Кавказ Ищхьэрэм щынагъуэ къытезыгъэхьэхэм Путиным хибжащ лъэкъапIэнщагъэр. «Сэ къызэрыслытэмкIэ, Кавказым щыIэ гугъуехьэхэр зэрыдагъэкIыр къэзыгъэлъэгъуэнур цIыхухэр лъэкъапIэ Iэнатlэкlэ къызэрызэрагъэпэщ щыкIэрщ», - жиIащ премьерым. Абы къигъэуващ ильэс гъэнэгъуэм кIриубыдэу лъэкъапIэ Iэнатlэу мин 400 нэхъри мынэхъ мащIэ къызэгъэпэщыным теухуа кьалэн иныр.

*(КIэухур 2-нэ нап.).*



**Мылыр мэткIу**

**США-м Хымрэ хъуэмрэ я къхутэныгъэхэмкIэ и лъэпкъ управленэм (НОАА) дыгъуасэ къыдигъэкIэ, мы гъэм и мэкъуэгъуэм Арктикэм мылыр мащIэ зэрыщыхъуам хуэдэу зэи щытакъым 1979 гъэм щегъэжьауэ (а гъэращ а Iуэхум спутникKIэ кIэлъыплъыи щыщIадзар). Нэхъ щынагъуэжьыр арщи, абы и мылым псынщIанэу хощI.**

ЩIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, мэкъуэгъуэм Арктикэм мылу телъам километр зэбгъуэзнатlэу мелуани 10,87-рэ и инагът. 1979 - 2000 гъэхэм ику иту къызэрабжам нэхъыр ар мелуан 1,29-кIэ нэхъ мащIэщ. Абы ипэ мылыр нэхъ мащIэ щыхъуар 2006 гъэращ - километр зэбгъуэнатlэу мелуан 11,06-рэ.

«2010 гъэм и мэкъуэгъуэм хуэдэу псынщIэу Арктикэм и мылым зэи хэщIакъым», - щыжеIэ НОАА-м и отчетым.

Арктикэм махуэ къэс фIокIуэд и мылым щыщу километр зэбгъуэзнатlэу мин 88-рэ. Ар мылыр зэрыткIу хабзэу щытам епльытмэ, Iуэхур хуэдэ 1,5-кIэ щIэхъуэжьащ.

- ДгъэщIагъуэ хъунукъым а мылым мыгувэу нэхъ хэмурэ ткIун щIидзэми, сыту жыIэмэ ткIунур Ищхьэрэ МылыIъэ хым и курыхьыу щытащ. Ар хуэдитI-щыкIэ нэхъ Iувщ, - жаIэ щIэныгъэлIхэм.

**Iулъхьэ къеIызыххэр щхьэпылъэ ящI**

**Дыгъуасэ Китайм щхьэпылъэ щащIащ Чунцин и хабзэхъуэм органхэм я унафэщIыр.**

Кьалэм юстицэмкIэ и управленэм и унафэщIу щыта Цян Вэнь коррупцэ Iуэхуэхэм зэрыхэтамкIэ, Чунцин щыIэ щIэпхъаджащIэ гупхэр щIиуфэу зэрыщытамкIэ, нэгъуэщI щIэпхъаджэхэмкIи ягъэкъуэнщащ.

Iуэхуэхэр зэхэзыгъэкIа гупхэм къызэрыщIагъэщамкIэ, 1996 гъэм щыщIэдзауэ 2009 гъэ хъуху Вэнь Iулъхьэу Iэрыхьащ псори зэхэту юань мелуан 12-м щIигъу (США-м и доллар мелуан 1,76-рэ).

А Iуэхум зыкIэ пымыщIауэ Сиань кьалэ дыгъуасэ щаубыдащ жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ министрым и дэIэпыкъуэгъу Шаодун Чжэн. Ар ягъэкъуаншэ щIэпхъаджащIэхэр ямыгъэтIысу Iуэхум къыхишын папщIэ, доллар 1 мелуан Iулъхьэу къызэрыратамкIэ.

**ЩIы щIагъыр пхырокI**

**Палестинэм и «Маан» хьыбарегъащIэ Iуэхуэщ1апIэм дыгъуасэ къызэриратамкIэ, Мысырым и полицэм нубыдащ автомобиль псынщIэу 60. Аэр щIы щIагъ зэпрыкIыпхъмкIэ Газэ секторым яхуну контрабандистхэм загъэхъэзыр.**

«БМВ», «Тойотэ», «Киа» автомобиль лIэужьыгъуэхэр щIы щIагъ гъэзгуэгIэ къэрал гъунапкъэм зэпрахуну арат.

Мащэ ихьэпIэр къэрал гъунапкъэм метри 150-кIэт зэрыпэжьыжьар, абдежым щаубыдащ контрабандистхэм ящыщ куэд, щIэпхъуэжьыну къызэхъулIахэри щыIэщ.

Израильм Палестинэм и гъунапкъэр зэрызэхуищIам гугъу иригъэхь хьэрыпхэм апхуэдэ Iэмал куэд къагупсысащ сом къалэжьыфын папщIэ.

Иджы а щытыкIэм зихьэужьыкIэ гугъапIэ щыIэщ: Израильм Палестинэр хуит ищIащ уней автомобиль псынщIэхэр я хэкум хабзэм тету яхуну. Сыт хуэдэ гъэгуми еэгъэ автомобиль псынщIэхэр абы хиубыдэркъым, - журтхэм къалытэ ар зауэ хуэIухуэщIэкIэ къыпхуэгъэсэбэпыну.

**Мы махуэхэм**

**Бадзэуэгъуэм и 8,** *махуэку*

**♦ Упагъуэм, льагъуныгъэм и урысейпсо махуэщ**

♦ Бадзэуэгъуэм и 8-9 жэщым муслымэм гуфIэгъэщ: Мирадж жэщщ - Мухьэмэд Бегъымбарыр Алыхьым и деж щыдрашея жэщраш.

♦ Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ сатумрэ зыужьныгъэмкIэ (ЮНКТАД) ООН-м и Конференцым и 50-нэ зэIущIэ.

**Бадзэуэгъуэм и 9,** *мэрем*

**♦ Аргентинэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ** - 1816 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦ 1920 гъэм Сочэ кьалэм и лъэпкъэмкIэ музей къызэрагъэпэщащ.

*Планэтэр зыгъэхьэзырар* **ГЪУЩIО 3 арифи.**

**Лъэпкъ Iуащигъэ:**

**Уи лъэпкъым хэплъи, уи джатэ гъэдалъэ.**

● Телеграммэ

## ФIыщIэ пхудощI

ЩIыхь зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

Хуит сыкъэщI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыщыщыIам къыдэфха хьэщIагъэм папщIэ фIыщIэ пхуэсщIыну!

Республикэм и дахагъэр, лъэпкъым хэлъ хьэщIагъэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэи щыгъупщэнкъым фи дежь накIуэхэм ящыщу зыми.

Дэ ди нэгу щIэкIащ иужь ильэсхэм республикэм и экономикэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, спортым, гъуазджэм щIэгъэхуэбжьауэ зэрызаужьыр. Щэч хэмылъу, а зэхъуэкIыныгъэхэмкIэуэ, Арсен Башир и къуэм, фIыщIэ ин убгъэдэлъщ! Дэ нехьэкIкъехьэкI хэмылъу жыдоIэ уэркIэ дызэрыгушхуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъ куэдыр мамыру икIи зэгурыIуэу мэпсэу. Абы щыхъэнэшхуэ иIэщ. Ди гуапэщ республикэм дяпэкIи зыужьныгъэщIэхэр игъэтыну!

Иордан Хьэшимит пащтыхьыгъуэу Абдуллэхь II зи пашэмри адыгэ хэхэсхэр мамыру щопсэу. Иорданри хьэщIэкIэ фIы къэралщ. Иордан къэралым кьытхуеблагъэ!

«НАРТ» адыгэ спутник телеканалым и цIэкIэ аргуэру зэ фIыщIэ пхузощI хьэщIагъэ къызэрыдэфхам папщIэ.

*NART TV-м и генеральнэ директор* **АБЫДЭ Мэжид.**

● Шэрэдж куей

## Зыхуей хуагъазэ

**Къэщкъэтау поселкэм и стадионыр спонсорхэм я мылъкукIэ къагъэшIэрэщIэжащ. Жылагъуэм и активым и зэIущIэхэм мызэ-мытIэу щытепсэльыхьат стадионыр къэхухьын, I эшэлъашэмрэ губгъуэ нэхъыщхьэмрэ зэIуэпэщ ящыщ зэрыхуейр. А пащтыхьым и къэрал администрацэм апхуэдэ мыдэку бгъэдэлъэтэкъым. Ар илъэситIым щIигъукIэ кьалъыхъуащ.**

ШЭРЭДЖ куей администрацэм и Iэтащхьэ Теминржанов Махьтыр и фIыгъэкIэ спонсорхэр къагъэтри, зэрыщыту ихуреягъыр гъущI бжьыхькIэ кьахухьащ, куэбжэ хальэуащ, щыпIэщхуэ зэриубыдыр кьаратьтэри, цIыхухэр тыншу щызэхуэсын щхьэкIэ, и лъэныкъуэ зырызхэмкIэ ихьэпIэ щыкIунщ щащIащ.

Администрацэм и пщэрыпльым тету, стадионым кIэльыплъынур ягъэбелджыщащ.

**БОЗИЙ Залинэ.**

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

## ЩIыналъэм иIэ ефIэкIыныгъэхэр къагъэсэбэпынущ

**«Урысей зэкъуэт» партым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щIэ къудамэхэм я щIыналъэ зэхуаку конференцыр етIуанэ махуэм къыдэуахащ пленар зэIущIэкIэ. Абы къыщыщыпсальэм УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир Кавказ Ищхьэрэм и зыужьныгъэм зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ.**

АБы къыхигъэщхьэхуIащ федеральнэ округым хиубыдэ щIыналъэхэм щагъубзыхуа инвестицэ проектхэр фIэкIыпIэ имыIэу гъэзэщIэн зэрыхуейр. Урысейм и премьерым зэрыжиIамкIэ, Кавказ Ищхьэрэм и зыужьныгъэм и кьежьапIэу щытын хуейщ мы щIыпIэм иIэ ефIэкIыныгъэхэр.

Путин Владимир жэуап иритащ зэIущIэм хэтахэм Кавказ Ищхьэрэм зэрызиужьынум теухуауэ кърата упщIэхэм.

Конференцым хэтащ УФ-м и Правительствэм и лэжьакIуэхэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, федеральнэ ведомствохэм я унафэщIхэр, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я Iэтащхьэхэр.

Конференцым жыжьэру хэлэжьыхьащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа лъыкIуэхэр.

## «Урысей зэкъуэтыр» щыгъуаззщ Кавказым щызэфIэгъэкIын хуейхэм

**Партым и Iэтащхьэ Путин Владимиррэ абы и лэжьэгъуэмрэ зэхалъхьащ Кавказ щIыналъэ егъэфIэкIуэныгъэ лэжьыпхъэхэр.**

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ГЪУБЖЫМ, бадзэуэгъуэм и 6-м, Кисловодск къалэм щыпащащ «Урысей зэкъуэтым» къызэригъэпэщащ «2020 гъэм нэсыу Кавказ Ищхьэрэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и стратегие. 2010 - 2012 гъэхэм ятещIыхьа программэ» щIыналъэ зэхуаку конференцым и лэжьыгъэм. Пленар зэIущIэм къыщыхалъхьащ бадзэуэгъуэм и 5-м конференцым и къудамэ щхьэхуэхэм къыщыхаха проекту 7. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр щIэгъэхуэбжьэным хуэунэтIа а проектхэр 2012 гъэм нэсыу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныжьмкIэ планыр гъэзэщIэным и лъабжьэу увынущ. Пэжщ, «Урысей зэкъуэтым» проект нэхъыбэ диIыгъыну и мурадщ: партым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщI Грызлов Борис нэхъ ягъэкIэ ди корреспондентым къызэрыжриIамкIэ, партыр проекту 30 хуэдизэ зэрыпхигъэкIыным хущIэкъунущ, ауэ абыхэм ящыщу 15-р ящIэщын хуейуэ къелытэ.

«Урысейм и щIыналъэхэм зегъэужьыным теухуауэ мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм Новосибирск щедгъэжьауэ щытам пыдощ, - конференцыр къыщызэIуихым жиIащ «Урысей зэкъуэтым» и пашэ Путин Владимир. - Дэ къыщIэддзауэ щытащ Сыбырым зегъэужьыным и лъэныкъуэкIэ хэкIыпIэу щыIэхэм ятеухуа псальэмакъымкIэ. Нобэ зи гугъу тщIынур Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зэрызиужьынрэ».

Конференцым кьырихьэлIахэм я нэхъыбапIэм Кавказыр езыхэм зэраунэр, я адэжь щIыналъэу зэрыщытыр, я бынхэри абы зэрыщылэжьэнур, зэрыщыпсэунур къыхихгъэщхьэхукIри, Путинырэ кIэщIу къытеуиныIащ Кавказ Ищхьэрэр нобэ къызэрыхута щытыкIэм. Премьерым зэрыжиIамкIэ, зэрыщыту Урысей псом етыытауэ, 90 гъэхэр Кавказазым и дежкIэ нэхъ гугъуу екIуэкIащ, сыту жыпIэмэ а округым и закъуэщ нэрылъагъу иIэ зауэ къыщащхьэхъеяр. Иджыпстуи Кавказ Ищхьэрэм гугъуехь куэд щыIэщ. Экстремистхэр нэгъэсауэ зэтракьутакъым. Пэжщ, ахэр къызэрыгуэкI щIэпхъаджащIэ гущхэм хуэкIуэжу хуежьащ.

«Экстремистхэм иджыри террор Iуэхур зэханакъым, ауэ кIуэтэху къызэрыгуэкI щIэпхъаджагъэхэм хуокIуэ. Политикэ псалъэмакъ нэщIкъэ ирагъэкIуэкI щхьэкIэ, ахэр къызэрыгуэкI хьунщIакIуэу къыщIедзыж, мылькур зэбгрызылъэфхэм яхохьэ. Ауэ абыхэм я зэманыр ихуэну хуежьащ», - жиIащ Путиным.

«Дэ къарууэ диIэр етхьэлIэнущ щIыхуэм я гъащIэмрэ я хуитныгъэхэмрэ тхъумэн папщIэ икIи Урысейм щыщ Iыхьэ зыгуэрым иубыдыныр зэи къэдгъэхъунукъым», - кIыхигъэщхьэхукIащ «Урысей зэкъуэтым» и Iэтащхьэм.

Путиным зэрыжиIамкIэ, иджыпсту Кавказ Ищхьэрэм и Iуэхур зэтоувэж, абы и экономикэм зэфIэкIыщхуэ зэриIэр нэрылъагъэ хуауэ хуежьащ. ЗэфIэгъэкIыпхъэ кьалэн гугъуехэри щыIэщ. Абыхэм ящыщу Кавказ Ищхьэрэм щынагъуэ къытезыгъэхьэхэм Путиным хибжащ лъэкъапIэнщагъэр. «Сэ къызэрыслытэмкIэ, Кавказым щыIэ гугъуехьэхэр зэрыдагъэкIыр къэзыгъэлъэгъуэнур щIыхуэхэр лъэкъапIэ Iэнатlэкlэ къызэрызэрагъэпэщ ящIын зэрыкIэрщ», - жиIащ премьерым. Абы къигъэуващ ильэс гъэнэгъуэм кIриубыдэу лъэкъапIэ Iэнатlэу мин 400 нэхъри мынэхъ мащIэ къызэгъэпэщыным теухуа кьалэн иныр.

*(КIэухур 2-нэ нап.).*

● Шэджэм куей

## ЩIэкIэ зэрахъуэкI

«2002 - 2010 гъэхэм КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ зэращIынумрэ зэрырагъэфIэкIуэнумрэ» республикэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, Шэджэм муниципальнэ районым и жылагъуэхэм мы гъэм зи пIалъэр икIа псы кIуэпIэхэр метр 4705-м щызэрахьуэкIынущ. Сом мелуани 6-м щIигъу и уасэ а лэжьыгъэм Шэджэм къалэм, Шэджэм Етlуанэ, Нартан, Щхьэлыкъуэ, Каменкэ, Лашынкъей къуажэхэм, Зездэнэ поселкэм щыщIадзащ икIи щыщхьэIум икуэм яухынущ.

Абы къыдэкIуэу, бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзыру, Партанрэ Шэджэм Етlуанэмрэ я сымаджэщхэр зэрагъэплъу щыта котельнэжьхэр зэрахъуэкI.

**АХЪИЙIэсият.**

● Футбол

**ЩIалэгъуалэ зэпеуэ**

## Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ**

**ЕпщыкIутIанэ джэгуГуэ**

**«Спартак-Налшык» - «Тэрч» (Грознэ)**

Налшык. «Спартак» стадион. Мэкъуэгъуэм и 8-м. Сыхьэт 19-м.

## «Спартак-Налшык» - «Тэрч» (Грознэ) - 1:1

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэхьэзэхуэм хьихьэ эхъущIэу дыгъуасэ Прохладнэ щекIуэкIам апхуэдэ бжыгъэ кьрикIуащ. Ди щIалэхэм ящыщу топыр диГъэкIащ Чочуев Ахьмэт.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Чеченов Ануар

Щхьэгуэш Адэлбий

Карелин Александр



Бондарчук Фёдор

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Эдуард тригыл.

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ пап.).*

# «Урысей зэкъуэтыр» щыгъуазэщ Кавказым щызэфIэгъэкIын хуейхэм

Фигу къэдгъэкIыжынщ конференцым делегатрэ хьэщIэу 300-м щIигъу къызэрыриухьIар. Абыхэм яхэтащ властым и федеральнэ органхэм я лIыкIуэхэр, щIыналъэхэм я гъэпсыкIэхэр, къалэхэм я Iэтащхьэхэр, бизнесым щылажьэхэр, партым и щIыналъэ къудамэхэм я секретархэр, дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, жылагъэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

«Кавказ Ищхьэрэм и субъект псоми конференцым проект 78-рэ къыщыхьахьащ икIи абыхэм ятеухуауэ секцэхэм гуащIэу щызэшыкIуэкъуащ. Фигу къэдгъэкIыжынщ секцэу 5 зэрыIэжьар. Апхуэдэхэщ «Инновацэ Iэнатlэхэр: промышленностымрэ энергетикэмрэ», «Агропромышленнэ комплексымрэ сырьем елжь промышленностымрэ», «Узынщагъэхъумэныр», «ПсэукIэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ инфраструктурэр: спортымрэ туризмэмрэ», «ЩIэнхабзэр, егъэдэхэныгъэр, щIэныгъэр» секцэхэр, - конференцым яп махуэм зэфIигъэкIаехэм щытепсэлыхьыжьым къыгъэлъэгъуащ Грызлов Борис. Ди корреспондентым абы кыжриIащ проектхэр кыхэхэным теухуауэ дэтхэнэ секцэмкI рейтинг IэIэтхэр зэрыщIэкIуэкIар. Секцэ кьэс проект нэхъыфIу щыкъыхахащ. Яп и къэщыпхъэ проектхэр щамыубыдыхуфар «Инновацэ Iэнатlэхэр: промышленностымрэ энергетикэмрэ» секцэрщ.

«Мы секцэм унафэ пыуыкIа кьыщIимыщтэфар проект гурыхьхэр щымыIауэ аракъым, атIэ проект program фIым я фIыжти аращ, - жиIащ Грызлов. - А секцэм хэтахэм къагъэуващ гидроэнергетикэм, промышленностым, автомобилхэр щIыным, щIыдагъэм елэжьыным теухуа проект program гъэзэщIэныжьмкIэ партым жэуап ихьу къэпытэн хуейуэ. Щхьэхуэу ыкIыхалъхьащ а проектхэр гъэзэщIэныжьмкIэ федеральнэ центрым, «Урысей зэкъуэтэ» партым и щIыналъэ къудамэхэмрэ щIыпIэхэм щыIэ къудамэхэмрэ яхь жэуапыр зэхэхауэ убзыхуэн хуейуэ. А Iуэхуэр зэдаарзыкъуэкъащтащ.

Бадзэуэгъуэм и 6-м сыхьэт 14.30-м къызэIуаха пленар зэIущIэм Ставрополь крайм утыку къыщырилъхьащ инвестицэу сим мелард 12 зытеКIуэдэну щIыдагъэ-химие технопарк Будденновск къалэм щыухэнымкIэ проектыр. А проектым хеубыдэ псэупI-коммуналыпI хозяйствэм къыщагъэсэбэпын, газыр зрикIуэн полиэтилен, полипропилен бжьамийхэр, полимер пленкэхэр, ухуэныгъэм ирахьалIэ материалхэр къыщIэгъэкIыныр. Мы проектым нобэм ирихьалIэу инвестицэу сим мелард 6 трагъэкIуэдащ. Технопарк псори зэхэту сим мелард 16,2-р зи уасэ продукцэу тон мин 722-р къыщIигъэкIнущ, абы щIыхь 2607-рэ щIлэжьэнущ. Производствэм нэсу зрагъэубгъуа нэужь, лажьэхэм я бзаджэм щIыхь 1500-рэ къыхэхъуэнущ.

Пленар зэIущIэм апхуэдэу щытепсэлыхьащ Владикавказ къалэм фотоэлектрон наномикротехнологиехэм зыщегъэужьынымкIэ проектым. Абы и инвестору кIуэр Владикавказ дэт «Баспик» технологие центрыр. Проектым псори зэхэту сим мелардитI-рэ текIуэдэнущ, а ахьшэр ильэситIым кIриубыдэу къалэжьыжьыфынущ. Проектым къыщыгъэлъэгъуащ лэжьапIэ IэнатIэу 1700-рэ нэхъ мынэхъ мащIэ къызэIуахыну.

Дагъыстэн Республикэм конференцым хэтахэм я пашхьэ я кIуэрыпхъыащ уэнныгъэм ирахьалIэ материалу къызэщIыкIаэхэр къыщIэгъэкIынымкIэ заводым и проект. Абы ильэсым продукцэу тонн мини 100 игъэхъэзыфынущ. Проектыр ягъэзэщIэн папщIэ «Даггипс» ООО-м инвестицэу сим мелард 1,3-рэ хилъхьэнущ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм инвестицэу сим мелардитI-р 9,85-рэ зытеКIуэдэну и проектыр зытеуухуар полиэтилен терефлатат щагъэхъэзырыну заводхуэзнырщ. А предприятэр ящIмэ, щIыхь 1500-рэ щыIэжьэнущ, трагъэкIуэдэну ахьшэри ильэси 3 хуэдизкIэ кIаIэрыхьэжьнущ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен ди корреспондентым къызэрыжриIамкIэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэм и льэныкъуэкIэ зыхуагъэзыжьыгъэ кьалэжьыжьыфынущ. Проектым къыщыгъэлъэгъуащ лэжьапIэ IэнатIэу 1700-рэ нэхъ мынэхъ мащIэ къызэIуахыну.

«Урысей зэкъуэтэ» щыгъуазэщ Кавказым щызэфIэгъэкIын хуейхэм

Кьэбардей-Балькъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен ди корреспондентым къызэрыжриIамкIэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэм и льэныкъуэкIэ зыхуагъэзыжьыгъэ кьалэжьыжьыфынущ. Проектым къыщыгъэлъэгъуащ лэжьапIэ IэнатIэу 1700-рэ нэхъ мынэхъ мащIэ къызэIуахыну.

«Урысей зэкъуэтэ» щыгъуазэщ Кавказым щызэфIэгъэкIын хуейхэм

Кьэбардей-Балькъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен ди корреспондентым къызэрыжриIамкIэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэм и льэныкъуэкIэ зыхуагъэзыжьыгъэ кьалэжьыжьыфынущ. Проектым къыщыгъэлъэгъуащ лэжьапIэ IэнатIэу 1700-рэ нэхъ мынэхъ мащIэ къызэIуахыну.

Дагъыстэн Республикэм конференцым хэтахэм я пашхьэ я кIуэрыпхъыащ уэнныгъэм ирахьалIэ материалхэр къыщIэгъэкIынымкIэ заводым и проект. Абы ильэсым продукцэу тонн мини 100 игъэхъэзыфынущ. Проектыр ягъэзэщIэн папщIэ «Даггипс» ООО-м инвестицэу сим мелард 1,3-рэ хилъхьэнущ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм инвестицэу сим мелардитI-р 9,85-рэ зытеКIуэдэну и проектыр зытеуухуар полиэтилен терефлатат щагъэхъэзырыну заводхуэзнырщ. А предприятэр ящIмэ, щIыхь 1500-рэ щыIэжьэнущ, трагъэкIуэдэну ахьшэри ильэси 3 хуэдизкIэ кIаIэрыхьэжьнущ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен ди корреспондентым къызэрыжриIамкIэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэм и льэныкъуэкIэ зыхуагъэзыжьыгъэ кьалэжьыжьыфынущ. Проектым къыщыгъэлъэгъуащ лэжьапIэ IэнатIэу 1700-рэ нэхъ мынэхъ мащIэ къызэIуахыну.

Дагъыстэн Республикэм конференцым хэтахэм я пашхьэ я кIуэрыпхъыащ уэнныгъэм ирахьалIэ материалхэр къыщIэгъэкIынымкIэ заводым и проект. Абы ильэсым продукцэу тонн мини 100 игъэхъэзыфынущ. Проектыр ягъэзэщIэн папщIэ «Даггипс» ООО-м инвестицэу сим мелард 1,3-рэ хилъхьэнущ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм инвестицэу сим мелардитI-р 9,85-рэ зытеКIуэдэну и проектыр зытеуухуар полиэтилен терефлатат щагъэхъэзырыну заводхуэзнырщ. А предприятэр ящIмэ, щIыхь 1500-рэ щыIэжьэнущ, трагъэкIуэдэну ахьшэри ильэси 3 хуэдизкIэ кIаIэрыхьэжьнущ.

Пленар зэIущIэм апхуэдэу щытепсэлыхьащ Владикавказ къалэм фотоэлектрон наномикротехнологиехэм зыщегъэужьынымкIэ проектым. Абы и инвестору кIуэр Владикавказ дэт «Баспик» технологие центрыр. Проектым псори зэхэту сим мелардитI-р 2,83-рэ текIуэдэнущ, а ахьшэр ильэситIым кIриубыдэу къ

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● ІэщіагъэлІым и Іуэху еплъыкІэ

## Фэ ди деж фыкъакІуэмэ нэхъыфІт

**«Демографие мащэкІэ» эрэдэкІ дауэ дыкъикІыну?**

***Куэд щІауэ жаІэрт Урысейр мы мащэм зэрыхуэкІуэр. «Урысейм гугъу екъ инкэр кыпоплъэр лэжьакІуэ ныбжькІым итхэр кьызэремащІэкІынум теухуауэ, уеблэмэ а Іуэхум къэралыр ильэхьэлэнкІэ хъунущ, - жеІэ РАН-м ЦІыхубз хозяйствэм зэрыІэпэуужьыкІэ и институтым ІэпхъуэщапхъуэхэмкІэ и лабораторэм и унафэщІ Зайончковская Жаннэ.***

**- Уэ к уэз щІауэ мы Іуэхум утопсэлыхьырь, ди деж къЭпхъуэхэм уакъыщІхъэщІыжьын щхьэкІэ тІэкІуебгъэлёуэ къащІмыхьыну пІэрэ?**

- Ди деж къэІэпхъуэхэр дигу ирихь-иримыхракъым дызытепсэлъыхьыхьпхэр. АтІэ дызыхурикъужьыну хьэмэрэ дахуэпыкІыуэ. Сэ шэч кьытесхьэркъым дазэрыхуэныкъуэм.

«Демографие мащэр щІэныгъэлІхэм кьагупсыса Іуэхуэкъым. Ар зэманым дызыхуищащ икІи ущыуэнкІэ умышынэу жыпІэфынущ 2030 гъэм кьыттэпльэр: абы ирихьэлІэу балигъ хьунуэр кьалъхуагъэххэщи, тхуэбжьынущ. АтІэ ильэс 20-м кьриубыдэ у щылэжьэфыну ныбжьым итхэм я бжьыгъэр мелуан 18-кІэ е процент 20-кІэ нэхъ мащІэ хьунущ. Нобэ зыІэ ильэс ныбжьым иту диІэщ мелуан 90. ЦІыху бжьыгъэм апхуэдэу зэуэ зэрыхэщІынур экономикэм зэран хуэхъунуф, улахуэм, пенсэм, нэгъуэщІхэми хэщІынущ.

**- Іэпхъуэщапхъуэ эм дащымыгугъыу, лэжьапІэ ІэнатІэхэр иджырей щІэныгъэм и Іэмалхэмкі кьыдэгъэпэщІ хьунукъэ? Псалъэм папщІэ, зы экскаватор кьэпщэхъуэ нэхьыфІкІэ, цІыхунтху бел ЯІыгъыу бгъэлажьэ нэхъри?**

- Техникэм дапхуэдизу зиужьми, цІыхур машинэкІэ дэнэ Іэнатіи щІпхъэхъуэкІыркъым. ИтІанэ дуней псом щыхабзэрэщІи, улахуэр мащІэу фІэкІ имытми кьыщыхуэдэжьэ, Іуэхущапіэр зейм мыльку тригъэкІуадэу техникэщІэ кьищэхунукъым.

**- Лэжьакіуэ дапщэ ди къэралыр зыхуэныкъуэр?**

- КъэкІуэну зэманым и гугъу тщІын и пэкІэ, дигу кьэдвгъэпъэкІыж 2000 гъэм якуэхэм ди экономикэр цІыху куэдым хуэныкъуэ зэрыщытар, щыпхъэжьэфын ныбжьым итх эмкІэ Урысейм и Іуэхур абы щыгъуэм мыеІаэм. Псалъэм папщІэ, 2006 гъэм ди къэралым лэжьыгъэ щаІащ мигрант мелуани 5-6-м. Кризисым и пэкІэ - мелуани 7-8-м. Уеблэмэ кризисым щыгъуи ди экономикэр абыхэм зэрахуэныкъуэм процент 15 - 25-щ зэрыкІэрыхуар. АтІэ, 2030 гъэр кьихьэхкІэ, дэ дыхуеинущ цІыху мелуан 25-рэ (унагъуэу кьэІэпхъуэхэри зэрахэтыр кьэпльыгтэмэ). 2002 гъэм цІыхухэр щабжьэм кьыгъэльэгъуащ абы и пэ кьиухуа ильэс 14-м Урысейм мелуан 11 кьыззэрыкІуар. Зэрыттльагъущи, абы Іей льэпкь кьитхудэкІуакъым.

**- АтІэ, сыт тщІэн хуейр?**

- Псом япэу егупсысыпхъэщ лэжьэфыну диІэхэр нэхьыфІу кьыззэрыдгъэсэбэпынум. Социальнэ политикэмкІэ институтым и ІэщіагъэлІхэм кьыззэрыгъэмкІэ, лэжьакІуэм и зэфІэкІкІыр нэхъ тэмэму кьэдгъэсэбэпыфу зедгъаэсэ, 2020 гъэ пщІондэ ди цІыхухьэкІэ дызыхурикъужьнущ. Псом япэрэу, кьэгъэсэбэпыпхъэр пенсэм кІуахэмрэ лэжьэфыну кьигъэгутъэ ныкъуэдыкъуэхэмрэщ. Сабий садэхр зеурикъутэмэ, анэхэри унэм щІэсынутэкъым. Иуэрей зэманым куэдкІэ гугъэ дэзыгъэщІщ лэжьапІэр щызэпэуфыда щІыпІэхэм иІэпэкъуфынут ди цІыхухэр Іэпхъуэ зэрыхъуар. А Іуэхум нэхъри зебгъэубгъуфынут цІыхухэр здэІэпхъуэм зэуэ унэ кьыщІаттэмэ. ЗэрыттщІэщи, лэжьапІэншэхэр щынэхъыбэр кьуажьэхэмрэ кьалэ цІыкІухэмрэщ. Абы щІэ унэр ящэкІэ кьалэщхуэхэм кьащых ущІэкІынукъым. АтІэ, кьалэшхуэр эращ лэжьакІуэ нэхъ хуэныкъуэр. Зэрыттльагъущи, лэжьапІэ щыІэу лэжьапІэншэхэр ди куэд щІэхъуам и щхьэусыгъуэхэр гъэкІуэдыгъуафІэхьыж. Икіи, дыхуей-дыхуэмейми, мигрантхэм ди щІыб яхуэгъаазэ хьунукъым, я нэхъ мащІэрамэ, дэ дыхуейщ мелуан 12 - 15.

**- Ди къэралым щылэжьэну кьакІуэхэр сэбэп кьыззэрытхуэхьур ди щІыхухэм кьагурыІуэтэмэ, апхуэдизу нэмыплъ хуащІынтэкъым, «фыкьыздикІам фыкІуэж» псалъэ жаІуэхэр ирапсынтэкъым.**

- Ахэр ди деж щыІыпхъэжьэмэ, Урысейм и экономикэм зебгъэужьыфынукъым. Экономикэр кьытхуэмыІэтмэ, цІыху кьызэрыгуэкІэрэ щІагъуэу дыпсэнунукъым. Ауэ абы и закъуэкъым: цІыхур ди мащІэмэ, ди щІыналъэхэр тхуэсмыхьэжу тфІэкІуэдынкІэ щынагъуащ. Араущ, Іэпхъуэщапхъуэ лэжьакІуэхэр ди къэралым къыдгъэхьэным мыхьэнэшхуэ иІэщ ди щІыналъэр тхъумэжьынымкІэ, къэралыр зэтемыкъутэнымкІэ.

**ГРАФОВЭ Лидие.**
*«Российская газета».*

● Мыарэзыхэр

## Къэзакъхэм ядэркъым

**Абыхэм Ставрополь урыс республикэ щыІэн хуейуэ кьагъэув**

**Дон Іус Ростов кьалэм щекІуэкІащ «Урысей Ипшэм экономикэ, хабз, дин, льэшкІ Іуэхуэм епхауэ и щытыкІэр» зыфІаща щІэныгъэ конференцыр. Абы щІэныгъэлІэр экспертэ 80 хэтащ. Нэхъыбэу зытеухуауэ щытари Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ хэгъэгу кьыззрагъэпэщарщ.**

ЗЭІУЩІЭМэхтахэр нэхъ зытепсэлъыхьар а хэгъэгум щыпсэу урысхэм я Іуэхур зытетращ. ЦІыхухэм зэрахэупщІыхьам кьиГъэльэгъуащ «урыс» Ставрополь крайр СКФО-м зэрыхагъэхъэмкІэ зэрымыарэзыр: абыхэм иджыри ящыгъупщэжакъым я гъуэгэгъу республикэхэм щекІуэкІам и зэранкІэ урыс-хэмрэ а щІыпІэр зымей нэгъэщІЛъэпкъхэмрэ я льапсэр ябгьинауэ зэрыщытар.

Крайм террористхэм щалэжь щІэпхъаджагъэхэми я пщэдей зыхуэдэнум ирегъэгупсыс. Ставрополь крайм щыпсэухэм я нэхъыбэм кьалъытэ я урысхэр хабзэкІэ щІэгъэбыдыхьа статус хуейуэ Кавказ Ищхъэрэм щыщ Іэпкъыну зэрыщытамкІэ, сыту жыпІэмэ УФ-м и Конституцэмкі адрейхэм республикэ статус яІэщ.

Конференцым хэтахэм зэдзэрэзыуэ кьащтащ Ставрополь крайр Ставрополь урыс республикэ ящІыным теухуауэ УФ-м и унафэщІхэм зэрызыхуагъаз.

**ВОЛГОДОНОВ Сергей.**
*«Северный Кавказ».*

**УФ-м и Премьер-министр Путин Владимир иджыдэлагъэ Франджым щыщыІам жэуап иритын хуей хъуащ кьухьэпІэ зыхьбарегъащІэ гуэрхэм кьагъэхьея кьаугъам. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, «духовно-культурный центр» фІащауэ Урысейм Париж щыухуэр тІасхьэщІэх Іуэхуэхэм телажьэхэм кьызэрагъэсабэпыфынум тращых.**

«АР ЦІХЬЭУСЫГЪУЭ лъэпкъ ямыІэу журналистхэм кьагупсысауэ аращ», - жиІащ Путиным.

«Духовно-культурный центр» Іуэхущ Іапіэр Эйфель чэщанэмрэ Азием, Африкэм, Латин Америкэм я Пасэрей гъуэзджэмкІэ

● Къаугъэ

## Путиныр къащхьэщож

музеймрэ я гъунэгъуу яухуэнущ. Абы хэтынущ семинарие, библиотекэ, щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм я зэІущІэкъуэ щрагъэкІуэкІыну пщІ. Мы щІы Іыхьэкіэ зэІущІэ нэхъыбэ кьэзыгъэтІыхьым иращэну зэпеуэ щекІуэкІам ар Урысейм кьихьащ икІи мы гъэм и гъатхэ лъандэрэ абы ейщ.

*«Российская газета».*

● ІэщіагъэлІым и Іуэху еплъыкІэ

## Наинэ жэрдэм къыхелъхьэ

**УФ-м и япэ президент Ельцин Борис и щхьэгъусэ Наинэ Екатеринбург кьыщызэІуихащ «XX - XXI лъэщІыгъуэхэм Урысейм и цІыхубз пашэу щытахэр» выставкэр.**

- ПАЩТЫХЬ Николай II и деж кьыщыщІэдзауэ Медведев Дмитрий и деж щыхьижу я щхьэгъусэхэр кьэдгъэлъэгъуэну дыхуейщ. Президентым и щхьэгъусэу ущытыныр кьалэн хъэльэщ, абы щыгъуэми зыми ухуимыту, - жиІащ Наинэ.

Сурэтхэр 350-рэ мэхъу. Ахэр япэ дыдэу щагъэлъэгъуар Москвадж, иджы Екатеринбург ящащ. Ар зи фІыщІэри «Ельцин Б. Н. и Президент центр»-м и фондращ. Наинэ я фондым и гъэтІылъыгъэхэм халъхьэну яритащ и щхьэгъусэм тыгъэ кьыхуищІауэ щыта дыщэхэкІ Іэльын, тхьэгъу хуэдэхэр, фІыуэ итьагъу дыхур, пащтыхь гуащэ Елизаветэ II щыІущІэнум щыгъуэ иригъэда бостейр.

**ДРОБЫНИНЭ Светланэ.**
*«Российская газета».*

● Абы дегъэпІейтей

## Афиян узыфэ

**Урысейм ильэс къэс афиян лІэужьыгъуэ 50 - 100 [illegible] щІэщІ («синтетическэ наркотикиу» жыхуаІэм хуэдэ). Апхуэдэу жиІащ Наркоконтролым и унафэщІ Иванов Виктор.**

- ІЭРЫЩІУ сыт хуэдиз лІэужьыгъуи пхуэщІынущ. Аращи, ди лэжьыгъэм мыхьэнэ льэпкъ иІэнукъым афиян узыфэ зыпкърыгъэм дадэмыІэпыкъымэ, - кьыхигъащІ Ивановым, «Афиянхэр къэзыгъэсэбэпхэр нэхъ мащІэ щІыным, щІэблэр абыхэм ящыхъумэным теухуауэ жылагъуэм хуэзэфІэкІынур» зыфІаща зэІущІэм кьыщыщІапсалъэм.

- Иужьрей ильэс 20-м Урысейм афиян лІэужьыгъуэхэм щыщ зэзыхьэлІэу исхэм я бжьыгъэр хуэдэ 20-кІэ хэм хъуащ икІи мелуани 2,5-м нэсащ. Абыхэм я процент 90-м зрахьэлІэр героинщ.

Хабзэхьумэ Іуэхущ Іапіэхэм я къаруклэ мы Іуэхум упальэщыныкъым. Кьытраххэм я бжьыгъэр хохьуэ, ауэ апхуэдиз дыдэуи нэхъыбэ мэхъу наркотик пІэужьыгъэщІэхэр. Афиян узыфэр зыпкърытхэр кьегъэлыным теухуауэ кьэралым ищІэр куэдкІэ кьыкІэроху а гъэзвэгъуэр гъэмэщІэным тёухуауэ лэжьыпхъэм. Псалъэм папщІэ, Урысей псом апхуэдэхэр щагъэхъуэ медицинэ Іуэхущ Іапіэ 27-рэщ иІэр, кьыхигъащІащ Ивановым.

Абы кьызэрилъытэмкІэ, къэралым кьыщыхьэныхьа гъэзвэгъуэщ мы Іуэхум уэзрыбгъэдыхьэпхъэр. Аращ и щхьэусыгъуэри наркотик зэзыхьэлІэхэмрэ зыщэхэмрэ я щІалэр зэрапэщІэтыну ильэр, абы хуэгъэзауэ зэфІахыну Іуэхуэхэр зыхуэдэнур щІагъэбелджылам. Мазищ гъунэгъум кьэриубыдэу Президентыр абы хэплъэн, арэзы хъумэ, Іэ щІидзын хуейщ. Псом нэхъри нэхъыщхьэу абы хэлъращи, афиян узыфэ зыпкърытхэр кьегъэлыным, ахэр цІыхухэм яхэгъэззгъэжьным теухуауэ ящІэнур куэдкІэ нэхъыбэщ.

Наркополицей нэхъыщхьэм зэрыжиІащи, зэран хъу Іуэхугъуэщ афиян лІэужьыгъуэхэр къззыгъэсэбэпхэр тутнакъэщым ибдзэ зэрымыхъур (Швециемэ и законэм ар ядэ, псалъэм папщІэ). АтІэ, зы афиянафэм ильэсым цІыхуи 10 - 15 «еуцІэпІ». Урысейм абыхэм я бжьыгъэр ильэс къэс цІыху мин 80-кІэ нэхъыбэ щохъу, щІалэгъуалэм ящІыщ мин 40 абы токІуадэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, афиянри узыфэ зэрыщІалэм хуэдэ хъуащ.

Иванов Виктор жиІащ цІыхухэр ажалым хуэзышэ гъэзгум кьыштешынымкІэ жылагъуэмрэ дин лэжьакІуэхэмрэ Іуэху пыухыкІакІэ зэращІыгъуэр.

**БОГДАНОВ Владимир.**
*«Российская газета».*

● Абхъаз Республикэ

## Адлеррэ Гагрэрэ

***я зэхуакум дэту щыта электромафІэгъуэр хуит хъужащ, ильэс зыбжанкІэ земыкІуауэ***

**ТхьмахуитІи и пэкІэ Абхъазым пэсащ япэ электромафІэгъуэр. Иужьрей ильэсищІым Іэджэр мы Іуэхур кьаІэтат, ауэ и пІэм ирагъэкІыфатэкъым. Абы и щхьэусыгъуэри гъуэщІ гъуэгум щыщу Абхъаз щІыналъэм пхрыкІыж и щытыкІэр зэрымыщІагъэр, а транспорт дІэужьыгъуэхэмкІэ зекІуэ щІыхуэм я бжьгъэр зэрымащІэрт, псом хуэмыдэжу щІымахуэм.**

АБХЪАЗЫР къэрал щхьэхуиту кьызэралытэрэ Іуэхум зихъуэжащ: иджы а республикэм мафІэгу яхуэгъэкІуэнущ Урысейм и къэрал, уиІей компаниехэм. Псалъэм папщІэ, Абхъазым и Президент Бгъэшщ Сергейрэ Урысейм и гъущІ гъуэгухэм (РЖД) я унафэщІ Якунин Владимиррэ Іэ традзащ республикэм и гъущІ гъуэгу транспортым зегъэужьыным теухуауэ зэрызэгурыІуам.

Электричкэр махуэм тІэу кІуэнущ, гъуэгуанэм (Адлер - Гагрэ) текІуэдэнури сыхьэтитІрэ нымкъуэрэщ. Гъунапкъэм паспортыр щыщІэзэплъыкІэхэм ар мафІэгу кІуэпІым щызэфІагъэкІынущ дакъикъипщІ нэхъ темыкІуадэу.

- Ди мурадщ электромафІэгур Сыхьэм нэс къакІуэу тщІыну, - жиІащ Абхъазым экономикэмкІэ и министр Озган Кристинэ. - Абы щхьэкІэ ди гъущІ гъуэгуэм делэжьыжьын, иджырей мардэхэм ятІонэрэ къэдгъэпщІэн хуейщ.

**ГАЛИЦКИХ Олег.**
*«Российская газета».*

● Щіэ

## Хьэкумыщіэхэм я лэжьэкІэр

***хэт дежкІи нэрылъагъуу щытынущ мы мазэм и 1-м щыщІэдзауэ***

**Бадзэуэгъэщ и 1-м лажьэу щІидзащ урысей судхэм кьащтэ унафэр интернетым ираты хьэн зэрыхуейм теухуа хабзэр.**

УФ-м и Суд нэхъыщхьэм и Суд департаментым кьызэрыщыщІалажьэ, гражданскэ, уголовнэ Іуэху мелуан 17 - 18 интернетым ираты хьэнущ. Ахэр нтынущ Суд нэхъыщхьэм, Зэзыгъэкіуж судхэм я сайт минп 2,5-м.

- Хабзэм кьару щигъэытынум демыжьэу 2002 гъэм щыщІэдзауэ зыхэпльа Іуэху мелуан 18-м теухуа хьыбар сайтым итльхьащ, - жеІэ Суд нэхъыщхьэм и пресс-секретарь Одинцов Павел.

ДяпэкІэ хэт хуейми зыщигъэгъуэзэфынущ граждан, уголовнэ Іуэхухэм кьрикІуам. Судьям, прокурорым, адвокатым, лей зытехьахэм, зи хьэкум ящІэхэм я цІэ-унэхэр итщ абы. Сайтым ямыгъэкІуэнур хабзэкІэ ахьымэ щэхуращ, ар къэралым е цІыху щхьэхуэм я щынагъэуэнщагъэм епхауэ щрети. Псалъэм папщІэ, кьуэ, пхьу ящІахэм я щэхур, балигъ мыхьэхэм я хуитыныгъэр, нэгъуэщІхэри.

**ПЕРЕКРЕСТ Владимир.**
*«Известия».*

● Хэжыныгъэжэр

## Польшэм и еплІанэ президент

**ЦІыхуипщІ хущІэкъуащ Польшэм и президент Іэнатіэм. ТекІуар Польшэм унафэр щызыІыгъ «Гражданская платформа» партым къигъэлъэгъуа Коморовский Брониславщ. Абы и лъэныкъуэ хьэщ хэхакІуэхэм я процент 53-р.**

Ар 1952 гъэм кьалъхуащ. Ильэс куэдкІэ яхэтащ скаутхэм, абы щыгъуэщ кьызыщІыкъуар щхьэгъусэ хуэхьуа Дембровскэ Аннэ. Бронислав властым хэзыварэзыуэ уэрамхэм кьыдыхьэхэм яхьикъэу, ядэпыкъуу щІидзат курыт еджапІэм щыщІэсым. Япэу щагъэтІысам (1971 гъэм) ар ильэс 19-т зэрыхьур. Лэжьакіуэхэм я хуитыныгъэр хьумэным жыджэру хэтащ, типографие гъэпщІкІуам щылажьэу. Журналист, тхьилъ тезыдзэ, нэгъуэщІ пщэрылъхэри игъэззэщащ абы а зэманым. 1982 гъэм ар лэжьащ «АВС» журнал (Адриатикэ хы - Балтикэ хы - хы Фыщ) щхьэхуитым и редактор у. Ар нэхъыбэу зыІетхьыкыр КъуэкІыпІэ, Курыт Европэм я къэралхэм я политикэмрэ экономикэмрэт. Дзэм унафэр кьыщищам, 1989 гъэ пщІондэ, ар тхьэдэмкІэ егъэджакІуэу семинарием щылэжьащ. А гъэ дыдэм яхьыхащ поляк хэхэсхэм защІэгъэкъуэнымкІэ ассоциацэ кьыззэгъэпэщащэм.

1990 - 1993 гъэхэм Польшэм зихьумэжьынымкІэ и министрым и къуэдзэ кьулыкъур иІыгъащ. 1991 гъэм Сеймым и депутат хъуащ. 2000 - 2001 гъэхэм Бузек Ежи и правительствэм хэтащ къэралым зихьумэжьынымкІэ и министру. А гъэ дыдэм ар хьыхащ «Гражданская платформа» партым.

2005 - 2007 гъэхэм Сеймым и унафэщІым и къуэдзэу, итІанэ унафэщІу щыташ.

Польшэм и президентым щхьэгъусэ, балигъ хьуа бынитху иІэщ. Ар фІы дыдэу мэпсалъэ урысыбзэкІэ.

*«Известия».*

Польшэм и президент Коморовский Бронисларэ абы и щхьэгъусэ Дембровскэ Аннэрэ.

КАДЫРОВ Рэмзан:

## Ваххабхэм Украинэм куэд мыщІэу Шэшэным и махуэ къыхуагъэкІуэнущ

**«Украинэм ваххаб нэхьыбэ щыІэщ Шэшэным нэхьрэ». Апхуэдэу жиІащ Шэшэным и президентым «Сегодня» украин газетым интервью щритым.**



«А УЗЫФЭ Іейм дуней псор зэщІещтэ. Фи деж ваххаб щыІэхуэсахэр куэдкІэ нэхьыбэщ Шэшэным щыІэм нэхьрэ. Дэ абы дыщыгъуазэщ ди ваххабхэм ящыщ ІыфІ дежщыІэщи. Ди деж къакІуэ фанатикхэм я нэхьыбэр фи къэралымкІэщ Іэпхъуэщ къызэрызэпрыкІыр. ИкІи, фэ а Іуэхум нобэ фыпэщІэмыувэмэ, пщэдей-пщэдеймыщкІэ абыхэм Шэшэным «щагъэхьам» хуэдэ фи нэгум щІагъэкІынущ».

«Кьрымра ахэр кьыщылъыхьуэн хуейр?» - жиІэри корреспондентыр кьеупщІати: «Ахэр дэни щыІэщ, абы щэху гуэри хэлъыжкъым», - жиІащ Кадыровым. Ваххабитхэм теухуауэ Шэшэн Республикэмрэ Украинэмрэ я хабзэхъумэхэр зэрызэдлажьэм и гугъу щищІым, Кадыровым кьыхигъэщащ: «Хэмэ фи кьухьэпІэмкІэ епльэкІ унафэщІхэр фиІащ, украин цІыхубэм и сэбэп зыхэлъхэм я нэр хуаущІыцІу. ЯхуэзфІэкІи кьагъэнакъым Урысейм зэран хуэхъуныкІэ. Я зэманым сигу кьэкІыххакъым ди хабзэхъумэхэр зэдзэдгъэлэжьэну. Иджы унафэр цІыху тэмэмхэм я Іэрыхьащи, абы дегупсыс, дытепсэлъыхь хъунущ».

Украинэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі я министру щыта Луценко Юрий 2009 гъэм и бжьыхьэм жиІэгъат президент Ющенкэ Виктор Іэпхъуэщапхъуэхэм теухуа законым Іэ зэрырримыдзэм кьыхэкІыу кьэралыр экстремистхэм я хэщІапІэ зэрыхъуар. «2005 гъэм щыщІэдзауэ залымыгъэм кьыхэкІыу зи лъапсэр зыбгьына» статусыр иратурэ Украинэм щІыху куэд кьыгІыхьыщащ Иракым, Узбекистаным, Азие Курытым и нэгъуэщІ щІыпІэхэм кьыкІыу. Абыхэм кьызэрагъэпэщащ «Ат-Такфир-Валь-Хиджра» ислъам зэщІэхьееныгъэр. Абы и пашэщ «Абу Абдурахьман» жьхуаІэр, 2006 гъэм зи гугъу тщІа статусым хуэдэ зратар».

«МВД-м хэту Іэпхъуэщапхъуэхэм яхуэхэа Іуэхущ Іапіэ кьызэрэпщыным теухуа законыр президентым зэрыпхимыгъэкІым и зэранкІэ, Украинэм дуней псом кьикІыу щызэхуос террористхэмрэ экстремистхэмрэ. Аращи, абыхэм щІэпхъаджагъэ ди деж щалэжьынкІэ зэрыхьунур дызыІууа Іуэхугъуэщ», - дыщІигъащ Луценкэ и псальэм.

*«Северный Кавказ».*

## УздыхцеймкІэ цнэтІ

**Урысейм Іэ щІидзащ лэжьакІуэм ахьшэ иратУ ильэсым зэрызыгъэпсэхунр щІэзыгъэбыдэ Конвенцэм.**

А КОНВЕНЦЭР Лэжьыгъэмкі дунейпсо организацэм (МОТ) зэхилъхьащ. Урысеймри абы щыщІидзакІэ, зэрызыдгъэпсэху щыкІэр иджыри кьэс зытета хабзэмри ар кьэзырыдгъэсэбэпми щІэ гуэрхэр кьыхьыхьэнущ. Псалъэм папщІэ, МОТ-м зэриГъэувамкІэ, уи зыгъэпсэхугъуэ мазэр Іыхьитіу бгъэш хьунущ, зы Іыхьэр тхьэмахуитІ мынэхъ мащІэу. КІэщІу жыпІэмэ, зы тхьэмахуэ, мазиупщІ жаІэу зи зыгъэпсэхугъуэр «зэпыльэшхэм ар хуадэжьнынукъым. Кьэрал куэдым я лэжьакІуэхэм «къэвгъуэтаи фыщІэгуэзвэн?» жаІэну кьащІэкІынщ, езыхэр зыгъэпІейтейхэм тращІыхьмэ. Псальэм папщІэ, Японием и цІыху лэжьапІэ уваГащІэм япэ ильэсым зы тхьэмахуэщ зигъэпсэхуну кьратыр. Арагъэнщ зызыукІыжхэм я бжьыгъэмкІэ Японием кьэрал псоми япэ щІитыр.

Адрей кьэралхэм сыт я Іуэхур зытетыр, лэжьакІуэм зигъэпсэхун зэрыхуейм теухуауэ?

США-м и лэжьакІуэм махуэ 14-щ зигъэпсэхуну, Абы щыгъуэми, нэхъыбэм кьагъэсэбэпыр махуи 10-щ.

Евросоюзым и законым абы хэт кьэралхэм кьалэн ящещІ лэжьакІуэм зигъэпсэхун зэрыхуейм теухуауэ?

США-м и лэжьакІуэм махуэ 14-щ зигъэпсэхуну, Абы щыгъуэми, нэхъыбэм кьагъэсэбэпыр махуи 10-щ.

Евросоюзым и законым абы хэт кьэралхэм кьалэн ящещІ лэжьакІуэм тхьэмахуитІ мынэхъ мащІэкІэ зрагъэпэщІыжьэну. Франдждым махуэ 35-кІэ, Испаниемрэ - 31-рэ, ФРГ-м, Австриемрэ, Урысейм - 28-рэ, Алыджым - махуэ 20 - 30 (цІыхур зэрылэжьа ильэс бжьыгъэм теухуауэ). Италием - ику иту махуэ 20 - 32-рэ.

**СМОЛЬЯКОВЭ Татьянэ.**
*«Российская газета».*

## ЦІыхубзхэрщ Финляндием щыІэнэхъыщхьэхэр

● Къулыкъу

**2003 гъэ лъандэрэ Финляндием и премьер-министру лэжьа Ванханен Матти, езыр щІэлъэІури, и кьулыкъуэм теклащ. Нэхъ пасэу абы щыщхьэщихат «Финляндский центр» партым и унафэщІ кьалэныкъэ. ІэнатІэхэр кьыщІигъанэм и щхьэусыгъуэу жыхуаІэр зэрымыщІагъэщІ.**

«ФИНЛЯНДСКИЙ центр» партым и унафэщІщ политолог Кивиниеми Мари. Иджы мы цІыхубзыраущ жаІэ Финляндием и премьер-министр хъунури. Аналитикхэм щэч кьытрахьэркъым парламентым абы Іэ зэрыхуиІэтынум. Араущи, 2011 гъэм екІуэкІыну парламент хэхыныгъэхэр зэфІэкІкІыну, Финляндием и президентри зэрыцІыхубзыр кьэтІыльэтэмэ, кьулыкъу нэхъ инитІыр абыхэм яІыгъынущ.

*«Эхо» журнал.*

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# ЦІыхубэ насыпым папщІэ

● ТекІуэныгъэ-65

**Хэку зауэшхуэр щыщІидзам щыгъуэ, Къуэдзокъуэ Пётр илъэс 20-м щІигъуа къудейт. Фіыуэ илъэгъуа егъэджакІуэ Іэщагъэм хуе-пжауэ щІалэщІэр щылажьэрт Уро жайнэ къуажэм дэт курыт школым. Бийр ди Хэкум къызэрытеуэу фронтым кІуэну хэтами, Къуэдзокъуэм Іэщэ къыщІиштар 1942 гъэрщ.**

КІУЭДЗОКЪУЭМ и гъусэу фронтым Іухьат я къуажэ щІалэхэу Лыкъуэжь Хьэмыщэ, ГъукІакъуэ Кырым сымэ, нэгъэщІэхэр. Ахэр хагъэхьагъэхьагъэу 129-нэ батальоным. Зэкъуажэгъуэр зауэм щІигъэр. Армавир къыдэпэмыжажьэщ. А ягъэ зэхэуэм и гупсу куэдрэ ящІыжу щытащ Пётр. Абы зэрыкиІэжьмкІэ, комиссар Завяловыр я пашэу, Къуэдзокъуэр зых эт батареем и кьалэнт биидзэм и лъсэдзэмрэ абы и танкхэмрэ щІыпІэм къыщІызэтрагъэувыІэну. Зэх эуэм щІидзэ къ удейуэ Къуэдзокъуэми, абы и ныбжьэгъу Лыкъуэжьми хэмыщэ танк зырызым мафІэ лыгъэйр иридзат Апхуэдэ экъуІэнырыгъэм нэхэри тригъэгушхуэу, ди зауэлІхэр я псэ емыблэжу бийм пэщІэтащ, абы и зауэлІхэр лъэрыщІыкІ ящІу, ежьмкІэ зэтракъутэу. Арщхьэкіэ нэмыщІэхэр куэдкІэ нэхьыбэтэ, заг ущэшри, ди зауэлІ гуп, роти 2 хуэдизэ хъууэ, батальоным пэщІэхъуэ ящІащ икІи кьаухъуреихьащ. Абыхэм яхэтт Къуэдзокъуэри абы и кьуажэгъу щІалэхэри.

Гупым унафэ кьыІэрыхьат дауэ хьуми бийм кьыІэщІэкІыну. Завяловым унафэ ящІащ зауэлІхэр зыІус. Лабэ псым зэпрысыкІыу адрей Іуфэм тІасхьэщІэх кІуэн хуейуэ. А унафэр игъэзэщІэн хуейуэ пщэрыль кьыхуащІащ Къуэдзокъуэм. Жэщ хъуа нэхъ, Пётр Лабэ зэпрысыкІащ икІи абы кьихьа хьыбархэм ябгь итКІэ, зауэлІхэр гуп-гупурэ псым зэпрыкІри, ХьэкурынэхьэбІэ деж зыщагъэбыщ. Кьыкіэльыкіуэ жэщым ахэр ди зауэлІхэм яхьыкьэжауэ щытащ.

Апхуэдэ псэ зэпыльхьэпІэ куэдым ихуащ Къуэдзокъуэр. Къэзыуакьым абы дзыхь кьыхуащІа кьалэныр щимыгъэзэщІа е дагъуэ гуэр зэфІих Іэхъум кьыщІых уащІа. Топ хьэльэкІэ абы зэтрикьутащ бийм и танк куэд. Апшерон станицэм де ж щекІуэкІ зауэм хэту, Къуэдзокъуэр уІэгъэ хъуауэ щытащ 1943 гъэм и щІышылэ мазэм. Ар Пётр и япэрей уІэгъэт. Апхуэдэ бийщэ льэужь хьэлъэр хэнейрэ игъэващ адыгэ щІалэм, ауэ Іэпкьпльэпкь быдэр пэльэщыфащ уІэгъэхэм. Сымаджэщхэм эмэнкІэрэ щІэлъа нэужь, Къуэдзокъуэр аргуэру езым и лъэІукІэ Іухьэжырт фронтым икІи щысхьрабгъу имыІэу и бийхэр эзтриукІэрт.

1944 гъэм Къуэдзокъуэр зыхэт артиллерие дивизэр Белору ссием щызаузэрт. Бобруйск и Іэшэльашэх эм щекІуэкІ зэхэуэхэр апхуэдизу гуащІэти, Березина псым тель льэмыжыр махуэм и кІуэцІкІэ зэ нэмыцІхэм я Іэрыхьэрт, зэми совет зауэлІхэм кьащтэ т А льэмыжьхэм адэжІэ щыІэ щІыпІэм бийм сэлэтрэ техникэу щиІэр кьахутэн хуейт. А кьалэныр пщэрыль щащІащ Къуэдзокъуэм, зы связист и гущэсэу. ЩІыпІэр кьахутэрэ телефон кІапсэри яукъуэдияуэ кьыщыкІуэжьым, тІасхьэщІэх щІалитІыр нэмыцІэ взводым яІуауэ. Лыгъэшхуэрэ зэфІэкІ инрэ кьакъуэкІащ абыхэм: нэмыцІэ сэлэт куэд жуклащ, езыхэри уІэтэгъ хъуамэ, кьалэщэкІыфащ. КъыздэкІуэжьым ахэр ирихьэлІащ уІэгъэ хъуауэ зызымыщІэжу щыль шофер зауэлІ гуэрым. Ари кьахьыжащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, шофёр уІэгъэр Мэздэгу щыщ Христюков Николайт. Зауэ нэужьым Къуэдзокъуэмрэ Христюковымрэ унагъуэжІэ зэкІэлыкІуэу зэнэбжьэгъуащ.

Хахуагъэ куэд Хэку зауэшхуэм щызэрихьащ Къуэдзокъуэм. Абыхэм папщІэ дамыгъэ льапІэхэр кьратауэ щытащ. Псори зэхэту 8 и бгъэгум хэльу зауэр ирухащ Къуэдзокъуэм. Абыхэм ящыщщ «Щыхь» орденым и 3-нэ нагъыщэр, «Хэку зауэр» орденым и 1-нэ нагъыщэр, «Зауэм щигъэлъэгъуэ зэрІэкІхэм папщІэ» медалыр, нэгъэщІэхэри. Пётр кьыхуагъэфэщащ щыхь, фІыщІэ тхылъхэри.

1945 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм щалъхуа щынальэм хэхькІуэжащ Къуэдзокъуэр. Ар дзэжащ егъэджэныгъэмкІэ куей Іэнатіэм и инспектору, Тэтч кьалэм дэт сабий унэ №7-м и унафэщІу, Красноармейскэ, Хьэпщей къ уажэ хэм я курыт школхэм я директор у, Тэрч куейм и исполкомым щэнхабзэмкІэ и кІуэдамэм и пашэу. Ё ленджик кьалэм щыІэ парт школ нэхьыщхьэр 1958 гъэм кьиуха ящІэ, Пётр Терекэскэ къ уажэм и колхозым и парт зэгухьэныгъэм и секретар у лэжьащ. И ныбжьыр нэсу, пенсэ щыкІу ами, ар сыт щыгъуэ щытащ жьылагъуэ лэжьакІуэ жы-джэру: ветеранхэм я куей зэгухьэныгъэм, Къуэдзокъуэ лъэпкъым я тхъэмадзэу щытащ.

И ныбжьыр илъэс 76-м щІигъуауэ, 1999 гъэм и щышхьэІум Къуэдзокъуэ Пётр дунейм ехьжащ. Ёзыр щымыІэжми, хабзэ зэрахъуэм тетуу, илъэс кьэс накьыгъэм и 9-м адэжь лъапсэм ясхьэхуэІэж и бынхэр, абыхэм я щІэблэр. Адэм, адэшхуэм и щапхъэм ахэр ирогушхэу.

**ПЩЫБИЙ Сультан,**
*Хэку зауэшхуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран.*

# Илъэс 32-рэ дэкІауэ

**Вэсэмахуэ ЮАР-м щызэхэтащ футболымкІэ дунейпсо чемпионатым и ящэ финал ныкъуэ зэІущІэр. Абы щызэпещІэтащ Уругваймрэ Нидерландхэмрэ я командэ къыхэхахэр.**

ТХУЭНЕЙРЭ дунейпсо чемпион Бразилиер финалым и 1/4-нэм щыхэзыгъэщІа европей командэр и хьэрхуэрэгъуэм ефІэкІыфыну щІэныгъэлІхэм кьалъытэрт. **Уругвайр** кьапщэтэмэ, ар апхуэдэу льагэу зэрыдэкІуеяр си фІыщІэу къэплъыта хьунур Ганэм и гъуащхьэуэ Гьйн Асамоа абыхэм я зэІущІэм и иужьрей дыдэ дакъикъэм пенальтир зэрыдимыгъэкІыфарц.

Зэхьэрхуэрэгъуэхэм джэгур жыджэру къыщІадзащ икІи псынщІэ дыдэу ебгъэрыкІуэныгъэ зыбжанэкІэ зэхъуэжащ, щхьэж я тІасхъэхэм щыгъуаззэ защІ хуэдэу. ИкІэм-икІэжьым, ягъу зи кІэн къикІар **Нидерландхэм**я командэрщ. ЕпщыкІуиянэ дакьикъэм бжьыгъэр къызэІуихащ ван Бронхорст.

Ягъ Іыхьэр и кІэм нэблагъэху щытыкІэм зихъуэжакьым. Командхэм къызэрагъэпэщ ебгъэрыкІуэныгъэхэр гъуащхьэхъумэхэм я деж кьыщызэтеувыІэрт е гъуащхьэтетхэм топым кьрагъэгъазэрт.

Ягъ кьыкъуэм зэрынэсар ехъуІэныгъэшхуэу кьэзыльытэ Уругвайм и футболистхэм я льэр жант, уеблэмэ, абы кьыщыувыІэну мурад яІэтэкъым. 41-нэ дакьикъэр екІуэкІыну гупышхуэу ебгъэрыкІуа Америкэм икІа командэм ехъуІэныгъэ зыІэригъэхьащ. Бжьыгъэ зэхуэдэ ищІыжащ икІи зэхьэзэхуэм щыдигъэкІа толхэм я бжьыгъэр пЛІым нигъэсащ Уругвайм и капитан Форлан Диегэ.

Загъэпэхуу кьихьэжа нэужь, зэпэщІэтыныгъэм и тхыгъэм зихъуэжакьым. ЗэІущІэм хуэхэа зэманыр апхуэдэ бжьыгъэкІэ ихумэ, иджыри сыхьат ныкъуэкІэ джэгун зэрыхуейр къызэгурыІуэ футболистхэм гугъущэ зрагъэхьыну хуейтэкъым, я къарур яхьумэрт, Іэмал кьахукъуэкІмэ, ебгъэрыкІуэныгъэхэр къызэрагъэпэщырт.

Апхуэдэ Іэмалыр фІы дыдэу кьагъэсэбэпащ Нидерландхэм. 70-нэ дакьикъэ ерагъэкІыу. Снайдер и команд-дэр ягъ иригъащІыжащ икІи етхуанэу къыхэжакІри, гъуащхьэуэхэм я зэпеуэм Вилья и гъусэу пашэныгъэ щиІыдащ. Дакьикъэ зыбжанэ дэкІауэ арат Уругвайм и гъуэм ещанэ топри кьыщыдэхутам. Бжьыгъэ 3:1-м нигъэсащ икІи къызэрыщІэкІамкІэ, текІуэныгъэ кьаухъэзыхьа, иужьрей илъэс 32-м хъриубыдэу ягъэу Нидерландхэр финалым зыгъэзэкІуа европей командэм набдзэгубдзаплъагъэр фІэкІуэдащ икІи кьыщІагъуа етІуанэ дакьикъэм зэщхьэщыкІыныгъэр Уругваймрэ нэхъ мащІэ ищІыжащ. Аратти, джэгур 3:2-уэ ихъащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

Уругвайм и гъуэм ягъэ топыр докІ.

●Іуэху щхьэпэ

# Ныбжьыщ Іэхэр драгъэхьэх

**Мэкъуауэгъуэм и кум щыщІэдзауэ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм щокІуэкІ къурщхэмрэ тенджызымрэ жыджэру зыщыгъэпсэхуныкІэ, кьаэхъукьащІэ хьэдэмэтхэм ущрихьэлІэну туризмэмрэ спортымкІэ телевизионнэ проектыр гъэзэщІэныр.**

ПРОЕКТЫМ и унафэщІ, мэзкуудэс **Палагин Игорь** щыгъуазэ дызэриІэкІамкІэ, мы Іуэхугъуэр Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я щІыналъэхэм щекІуэкІынущ.

- Къзбэрдей-Балъкъэрым кьыщыщІэддзэну мурад тщІащ, сыту жыпІэмэ, мыбы дызыхуеину пСори щыІэщ, кьулкьучІэхэмэ зыкъытщІагъэкьуэну хьэзырщ, - дыхигъэгъуэзащ абы. - Фыкьэзыухъуреихь дунеймрэ фи цІыхухэмрэ хуэдэу дахэрэ фІырэ дунеим нэгъэщІ тету фІэщщІыгъуейщ.

Телевизионнэ проектыр къезыхьэжьахэм я мурадщ зэрызагъэпэсху программэ хьэлэмэтхэр езыхэм зэхалъхьэурэ абы щІалэгъуалэр драгъэхьэхыну, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къуршхэм къыщызэрагъэпэщыну. Ар зэрекІуэкІым теухуа фильмхэр, сурэтхэр трахынурэ федеральнэ, щІыпІэ каналхэмкІэ къыщагъэльэгъуэжынущ. А Іуэхур зэфІэгъэкІынымкІэ нэхъыбэу тегъэщІапІэ ящІынур ди щІыпІэм щыпсэухэращ. Кърахьэжьа жэрдэмхэр зыфІэхьэдэмэтхэм mountainridersty@mail.ru электоронпоштымкІэ зыпащІэри ягу ирихьэр, ядэхъуну кьалъытэхэр гъусэ ящІ.

Къуршхэмрэ тенджызымрэ жыджэру зыщыгъэпсэхунымкІэ, къэхъукъащІэ хьэлэмэтхэм ущрихьэлІэну туризмэмрэ спорт экстримымкІэ телевизионнэ проектыр гъэзэщІэныр. Абыхэм яхэтт Ищхъэрэм и республикэхэм щокІуэкІ къурщхэмрэ тенджызымрэ жыджэру зыщыгъэпсэхунымкІэ, къэхъукъащІэ хьэдэмэтхэм ущрихьэлІэну туризмэмрэ спорт экстримымкІэ Іуэху щІэзэрыгъэзэщІэныр. Ди щІыпІэм и къэрал къулыкъущІапІэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, цІыху къызэрыгуэкІэр абыкІэ щІэгъэкъуэн нэс хъуну аехр щІохъуэпс. Зэкъуэувэрэ зэдэлажьэмэщ ирахьэжьа Іуэхур щыдэкІынур, къытщІэхъуэ щІэблэр нэхъ хъума, узынщэ щыхъунур.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**



# Аргуэру къытхуозэ

**2010-2011 гъэхэм футболымкІэ Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхъыщым теухуауэ екІуэкІ зэхьэзэхэм и финалым и 1/16-нэ Іыхьэм хиубыдэу екІуэкІыну зэІущІэхэр щызэхэтыныгъэм хухаха зэманыр зэрытемыгъэкІуауэ, 1:1-уэ, зэриухам кьрикІуа пенальтихэм иужьрейм абы и кІэн кьащикІащ. Финалым и 1/16-нэ Іыхьэм дызыІущІэну командэм щоджэгу «Спартак-Налшыкым» илъэс зыбжанэкІэ хэта Пилипчук Сергейрэ ди льэпкьэгъу Джатагъажь Иналрэ.

КьащІащІыжащ Іуэху, футболымкІэ Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхъыным ехьэлІа зэхьэзэхэм и финалым и 1/16-нэ Іыхьэм щызэІущІэнущ: «Динамо» (Санкт-Петербург) - «Зенит» (Санкт-Петербург), «Шинник» (Ярославль) - «Крылья Советов» (Самарэ), «Металлург» (Липецк) - «Спартак» (Мэзкуу), «Авангард» (Курск) - «Сибирь» (Новосибирск), «Волгарь-Газпром» (Астрахань) - «Рубин» (Къэзан), «Салют» (Белгород) - «Ростов» (Дон Іус Ростов), «Мордовия» (Саранск) - «Динамо» (Мэзкуу), Камаз (Набережные Челны) - «Алания» (Владикавказ), «Луч-Энергия» (Владивосток) - «Гэрэ» (Грозн), «Псков-747» (Псков) - «Анжи» (Махъачкалэ), «Торпедо» (Мэзкуу)-ЦСКА (Мэзкуу), «Краснодар» (Краснодар) - «Томь» (Томск), «Черноморец» (Новороссийск) - «Амкар» (Пермь), «Горняк» (Учалы) - «Локомотив» (Мэзкуу), «Сахалин» (Сахалинскэ Ищщэ) - Сатурн (Мэзкуу область).

**МЭЗКУУ Къанщобий.**

# «Урысей узынщэ» зэпеуэр йокІуэкІ

● Гу зылъытапхъэ

**УФ-м Узынщагъэр зыхъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм цІыхур узынщэным кьыхуримыгъэуэ «Урысей узынщэ» урысейпсо зэпеуэ ирегъэкІуэкІ. Абы и кьаэн нэхъыщхьэр цІыхум и узынщагъэм кьыхуэщхьэпэным теухуауэ кьрахьэжьа Іуэхухэм нэхъыбэ хэщэнащ.**

ЗэпеуэРІуэхугъуэтІым трауухуэ. Ягъэ - социальнэ рекламэращ, телевизионнэ е кинороликь, плакат, сурэт нэхъыфІхэр кьыщыкахьнурщ. ЕтІуанэр теухуащ цІыхур узынщэным кьыхуэхъэдЖэ Іуэхуэм: щІыналъэ проект нэхъыфІыр, акъыл зэхэдзэкІэ кьагъэщІа проект нэхъыфІыр, щІалэгъуалэ проект нэхъыфІыр, медиа-проект нэхъыфІыр, интернет проект нэхъыфІыр.

Хабзэм кьезэгъ мардэхэр зи льабкьэ кьызэрагъэпэща дэхэнэ зэгухьэныгъэхэри зэпеуэм хэт хъунущ. Абы узэрыкІхьэну щІыкІэр, зэрекІуэкІынум и хабзэхэр кьыщІэпщІэфынущ. NTTR://FESTIVAL.RU., HTTR//WWW.ZDRAWORUSSIA.RU. сайтхэм.

Зэпеуэр Іыхьитіу екІуэкІынущ.

Ягъ Іыхьэм зэпеуэм узэрыхэтыну тхыгъэр ебгъэхьынущ, абы эксперт советыр хэпльэнущ, итІанэ кьыхаха лэжьыгъэр интернет-пор талым ирагъэхьэнущ, ар зыгъэгъуэм абыкІэ Іэ ялэтыну хуиту. Лэжьыгъэ нэхъыфІищщэр эксперт советым кьыхуихынущ.

ЕтІуанэ Іыхьэм эксперт советым кьыхиха лэжьыгъищым щыхэпльэнущ зэпеуэм и кьэщыгъакІуэ гупыр.

Зэпеуэм щыгъуІуэхэр кьыхъэшынур УФ-м Узынщагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министрыр зи пашэ кьэпщыгъакІуэ гупырщ. Зэхьэзэхуэм кьрагъэхьа лэжьыгъэхэр илъэсищкІэ яхьумэнущ.

Зэпеуэм и ягъэ узэгІыныгъэм щыгъекІуэхэр маркетингымрэ рекламэмкІэ, социальнэ рекламэмкІэ Москва щекІуэкІа фестивалхэм кьыщыхэжаныкІахэм я гъусэу ягъэхъэпэнущ. ЕтІуанэ проектым бжьыпІэ щызыбдаэхэр щагъэльэпэнущ -Урысейм зезыгъэужьынур щыхубэ узынщэрщ: урысейпсо форумым.

***КъБР-м Хьыбарегъащ Іэнатіэхэмкі, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі.***

●Іуэхуфэ

АНЭМРЭ КЪУЭМРЭ
**(Дол Анжелэрэ Дадэ Къантемырэ)**. *2006 гъэ Сурэтыр* **КОЗУБ Валерие** *трихащ.*

●Хьыбарегъащ Іэ

# Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

***Щоджэнщ Іыкі Алий и щэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым бадзэуэгъуэ мазэм мы спектаклІэр щагъэльэгъуэнущ:***

Бадзэуэгъуэм и 20-м:
Эдуардо де Филиппо. «**ЦІыхуэ икІи джентльменщ**» *(гушыІэ).*

Бадзэуэгъуэм и 30-м:
ЯПЭУ ЯГЪЭЛЪАГЪУЭ
Хамидулинэ Еленэ. «**Къуиф Іыкі Іуэр жэм тельыджэмрэ**» *(псыеэ).*

Театрым и худжественнэ унафэщІыр
Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист
**Шыбзыхьуэ Басирщ.**

**ЩыщІидзэр сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-рщ.**
УпщІэ зиІэхэр мы телефонх эмкІэ фыпсалъэ хьунущ:
**42-64-94, 42-33-89**

● КъБР-м и МВД-м къет

# Республикэм иджыри щІалитІ фІэкІуэдащ



Гындыгъу Ризуан



Къанло Арсен

**Вэсэмахуэ Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Дзэлыкъуэ жылагъуэмрэ Бахъсэн куейм щыІэ Зеикъуэ къуажэмрэ пщІэ хуащІу щыщІалъхьащ Налшык кьалэ УВД-м и милицэм и участковэ уполномоченнэ, лейтенант нэхъыжь Гындыгъу Ризуанрэ Бахъсэн кьалэ МОВД-м и СО-м и следователь юстицэм и капитан Къанло Арсенрэ.**

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м сыхьэт 00-рэ дакьикьитхум Щоджэнымрэ Кьалмыкъымрэ я цІэхэр зезыхьэ узрамхэм я планэпэм и кьалэнхэр игъэзащІэу щыхэкІыдащ Налшык кьалэ УВД-м и участковэ милицэм и лейтенант нэхъыжь Гындыгъу Ризуан.

Гындыгъу Ризуан Мухьэмэд и куэр 1984 гъэм щыщхьэІум и 17-м Дзэлыкъуэ куейм хьэлэ Дзэлыкъуэжьэ кьыщІалъхьащ. Хабзэхьумэ Іэнатіэхэм 2007 гъэм щыщхьэІум и 10-м лэжьэн щыщІидзащ, 2008 гъэм мэлыжьхьым и 1-м Налшык кьалэ УВД-м милицэм и участковэ уполномоченнэ кьулыкъум пэрыуващ, фызэхъэмышащ. И кьалэнхэр щапхъэ пылъу зэригъэзащІэм папщІэ мызэ-мытІэу ягъэпэжащ.

А махуэ дыдэм сыхьэт 23-м Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм, Щоджэнщ Іыкі ум и узрамым тет и унэм и куэбжэпэм дэж автоматкІэ щащІащ Бахъсэн кьалэ МОВД-м и СО-м и следователь юстицэм и капитан Къанло Арсен.

Къанло Арсен Мулэед и къуэм и ныбжьыр илъэс 29-рэ хъууэ арат. Къэрал кІэуэ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэм 2004 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м лэжьэн щыщІидзащ, следователь кьулыкъум иджы дыдэ, 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м, ягъэуват. ЦІкъэгъуэ иІащ.

Милицэм и лейтенант нэхъыжь Гындыгъу Ризуанрэ юстицэм и капитан Къанло Арсенрэ я унагъуэхэмрэ я Іыхьлыхэмрэ яхуэгугъэващ къэрал кІэуэ ІуэхуэхэмкІэ министру КъБР-м щыІэ генерал-лейтенант Томчак Юрий, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн РОВД-хэм, УВД-ОВД-хэм я унафэщІхэмрэ я лэжьакІуэхэмрэ.

Аргуэру утыку кьихьа щІэпхъаджащІэхэм я жэуапу КъБР-м и щІыналъэм щыІэ бандэ гупым иращІэкІ бэнэныгъэм кьэувыІэ имыІэу адэкІи пащэнущ.

***Къэрал кІэуэ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі.***

**Ди газетым и къыкІэльыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур бадзэуэгъуэм и 10-рщ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
**Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІэ Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таиэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ЭХЭЩІАПІЭР
**360030, Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешІэнэ кьатхэр.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; цихабэзмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщ ІэхэмкІэ, спортымрэ щІыкІэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэлажьэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

**Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытхаэм иэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.**

**Газетыр Ё зезыдаэм яхуэхьынырэ и щІэ датыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10.**

**Газетыр щрыкІкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.**
**Тел.: 42-69-34**

**Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щІэту ягъащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.**

**1905 гъэм щыгъа Революциэм и щІэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.**

*Мы къыдэкІыкъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Дышэ Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4-нэ нап.)*, Пхытіыкі Юрэ *(1, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкьуэгъу Иуан Занрэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

**Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.**

**Газетым Ё щыгъэзащІэ сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531● Тираж 10.009● Заказ №1910**